



Pou Piblikasyon Imedya: 25/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI ENSKRIPSYON POU TRÈZYÈM FOWÒM
ANYÈL ANTREPRIZ POU BIZNIS MINORITE AK FANM POSEDE**

Fwòm lan selebre 35 ane nan ekipe MWBE yo nan Eta New York

*Tèm evènman an — "Defann MWBE nou yo" — konsantre sou bati sou yon Eritaj
Ekite ak Ekselans nan Eta New York*

Foròm anyèl ede MWBE yo pwofite resous Eta New York yo

Enskri pou evènman 14 novanm lan [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a trèzyèm Fowòm anyèl Antrepriz pou Bzinis Minorite ak Fanm Posede (Minority- and Women-Owned Business, MWBE) ap fèt madi 14 novanm nan Sant Kapital Albany (Albany Capital Center). Fowòm ane sa a selebre 35 ane pwogram MWBE la nan Eta New York ak tèm "Defann MWBE nou yo: Ki bati sou yon Eritaj Ekite ak Ekselans nan Eta New York." Atravè opòtinite rezotaj, bati patenarya, ak yon pakèt konesans sou endistri a, evènman dinamik yon sèl jou ane sa a pral ekipe MWBE yo ak zouti esansyèl pou grandi ak pwospere nan peyizaj biznis jodi a. Aprann plis sou fowòm nan ak enskri [isit la](#).

"Pwogram MWBE pyonye New York la ap kontinye brize baryè ak debloke opòtinite pou plizyè milye MWBE nan eta nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.**"Pandan 13 ane, fowòm MWBE anyèl nou an te sèvi kòm yon lye rasanbleman enpòtan pou konekte biznis New York ak resous ak sèvis esansyèl, epi mwen ankouraje pwopriyetè biznis ki soti toupatou nan eta nou an pou yo rejwenn nou pou fowòm ane sa a."

Fwòm 2023 a pral ofri patisipan yo yon pakèt opòtinite pou yo moute rezo, aprann, ak bati patenarya pou devlope antrepriz yo. Moute rezo nan sal ekspozisyon an fasilite relasyon ant MWBE sètifye yo, ajans Eta New York yo, prensipal kontraktè yo, ak konpayi prive yo. Sesyon enstriktif yo pral bay estrateji ak pi bon pratik atravè sijè enpòtan tankou òf ak siksè sou kontra, angaje kòm yon ti biznis nan gwo pwojè, aksè ak kapital ak sibvansyon, ak ekzekisyon kontra eta a apre prim. Nan selebrasyon 35èm anivèsè pwogram MWBE pyonye New York la, Fowòm lan pral prezante tou Dejene pou Remèt Prim Chanpyon MWBE pou onore MWBE sètifye yo, patnè gouvènman yo,

ak defansè ki te demontre angajman ak reyalizasyon remakab nan avanse divèsite nan ekonomi Eta New York la.

Julissa Gutierrez, Ofisye Divèsite An Chèf, te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Eta New York kontinye ankouraje opòtinite, ankouraje kwasans ekonomik ak anbrase divèsite ki fè nou fò. Pandan n ap make 35 ane pwogram MWBE a, misyon nou an ap kontinye - pou sipòte biznis ke minorite yo ak fanm yo posede pou yo rive nan yon lòt nivo. Fowòm MWBE anyèl la bati chemen pwosperite lè li konekte MWBE ki gen talan nou yo ak resous ak kontra ki gen anpil valè eta yo. Evènman sa a pral ede pwopriyetè divès biznis atravè New York pwospere, pwogrese epi vin yon pilye nan ekonomi ak kominote nou yo."

Foròm 2023 make tou yon etap enpòtan istorik - 35èm anivèsè pwogram pyonye pou Antrpriz ke Minorite ak Fanm posede nan Eta New York la. Etabli an 1988, pwogram MWBE a te sèvi kòm yon modèl nasyonal pou elaji opòtinite ekonomik ak sipòte kwasans divès biznis. Pandan twa deseni edmi ki sot pase yo, Eta New York te ekipe MWBE yo ak konpetans, resous, ak koneksyon pou ede yo reyisi. Rezilta a se te plizyè milya dola nan opòtinite kontra pou MWBE sètifye ak anpil avantaj pou mendèv ak kominote yo.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Pwogram MWBE pyonye Eta New York la make yon eritaj istorik 35 ane nan ekipe antrepriz ke minorite yo ak fanm yo posede kòm motè kwasans ekonomik ak motè opòtinite. Pandan n ap selebre anivèsè etap enpòtan sa a, Fowòm nan pral ekipe divès biznis ak konesans pou pouswiv kontra ak resous eta pou kwasans ak devlopman pa yo. Eta New York pral kontinye mennnen batay la pou kraze baryè yo epi kiltive yon ekonomi ekitab kote MWBE yo ka reyalize tout potansyèl yo."

Direktè Egzekitif Divizyon Devlopman Anrepriz pou Biznis Minorite ak Fanm Posede nan Empire State Development lan, Jason Myles Clark, te deklare, "Ane sa a make yon vrè etap enpòtan pandan n ap selebre 35 ane pwogram MWBE Eta New York la k ap mennnen nan peyi a. Pandan twa deseni ki sot pase yo, nou te fè gwo pwogrè nan bay plis opòtinite ekonomik pou biznis MWBE yo atravè Eta New York. Pandan n ap ouvri enskripsyon pou Fowòm MWBE 2023 a, nou renouvle angajman nou pou mennnen kwasans, inovasyon, ak pwosperite pou divès antrepriz pou 35 ane k ap vini yo ak odela."

Sesyon ki planifye nan Fowòm MWBE 2023 la gen ladan:

Travay pou atenn objektif la: Fè konpetisyon pou kontra avèk yon òf ki gen siksè ak repons RFP

Atelye ak diskisyon panèl sa a pral konsantre sou fason MWBE yo kapab elabore ak soumèt òf ak demann pou repons pwopozisyon ak Ajans ak Otorite Eta New York yo. Prezantatè yo pral pataje konsèy ak direktiv pou ogmante avantaj konpetitif MWBE a. MWBE yo pral tande tou dirèkteman ti biznis parèy yo sou eksperyans yo ak konsèy pou jwenn rekonpans kontra.

Antre kote ou konfòtab: Fè premye pa pou mega-pwojè devlopman ekonomik

Biznis yo pral tandè lidè pwojè devlopman ekonomik ki soti toupatou nan Eta New York sou fason pou yo pozisyonè tèt yo pou fè konpetisyon pou opòtinite devlopman ekonomik ki ka parèt pa aksesib. Diskisyon an pral gen ladan tou ki jan dinamik biznis yo ak bezwen yo te chanje apre pandemi an ak ki jan biznis yo ka ajiste ak pozisyon yo pou siksès nan pwojè sa yo.

Jwenn chemen ki menen nan kapital: Detèmine ki konbinezon kapital ki pi bon pou biznis ou

Pou MWBE yo, aksè ak kapital yo ka patikilyèman difisil, sitou lè yo konsidere klima ekonomik aktyèl la. Panèl sa a pral konsantre sou fason pou kalifye pou prè, sibvansyon, ak sous kapital altènatif.

Plan MWBE pou reyisi ak kontra Eta yo

Fè konpetisyon ak resevwa yon kontra eta a se yon gwo akonplisman, men konnen pwotokòl konfòmite yo, dokiman obligatwa yo, ak kalandriye ak pwosesis peman se kle pou reyisi. Atelye sa a pral bay MWBE yo konsèy ak apèsi ki soti nan men reprezantan Ajans ak Otorite Eta New York yo sou fason pou yo jere kontra yo akòde yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)